



KOMISYON REYABILITASYON MASSACHUSETTS

Lavi nan kominote • Travay • Kalifikasyon pou moun ki andikape jwenn avantaj

**Kreye Opòtinite Pou Yon Lavi
Endepandan Ak Travay**



Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts la pou ede.

Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts la (MRC) ede moun ki andikape yo viv ak travay pi endepandan. Gen anpil moun ki andikape nan Massachusetts. Nan MRC, nou bay sèvis, resous, ak fòmasyon pou ede yo. Nou asiste anpil diferan kalite moun.

Kijan nou ka ede?

Lè ou vizite MRC, anplwaye nou yo ap pale avèk ou sou lavi w avèk kisa ou vle fè. Nou genyen anpil eksperyans epi nou konnen anpil fason pou ede w atenn objektif ou yo. Moun yo konn sezi lè yo wè tout bagay nou kapab fè pou yo. Yo pa t janm panse MRC te ka ede yo konsa.

Li fasil pou kòmanse.

Si ou menm oswa yon moun ou konnen vle mennen yon vi ki pi endepandan, kontakte MRC. Nou gen biwo nan tout eta a ki gen anpil moun k ap pran swen w epi ki pare pou ede w. Ou ka aprann plis lè w vizite sit entènèt nou an oswa lè ou rele nan nimewo telefòn gratis nou an. Nenpòt fason, sa pral kòmanse pwosesis pou konekte ou avèk èd ou bezwen an.

Travay ansanm pou siksè w.

Byento ou pral sou wout pou ou mennen yon vi ki pi endepandan.

Ansanm, nou pral diskite sou objektif ak defi yo epi n ap fè plan pou ou jwenn siksè. Nan mwa k ap vini yo, nou pral tcheke pwogrè w plizyè fwa pou nou asire nou w ap avanse pi vit posib. Si nou dwe fè chanjman nan plan w lan, n ap fè sa. Nou la pou ede w epi nou pap fè anyen san nou pa byen prepare sa. Travay avèk nou se yon vrè patenarya. Ou pral jwe yon wòl enpòtan nan reyalizasyon pwogrè pou yon lavi ki pi endepandan.



www.mass.gov/mrc

1-800-245-6543

(Nimewo Telefòn gratis
nan Massachusetts sèlman)

Travay avèk MRC

1

Bezwen konsomatè a idantifye



Moun yo souvan kontakte nou apre yon manm fanmi yo, yon zanmi oswa yon pwofesyonèl te fè yo konnen nou kapab ede yo viv ak plis endepandans.

2

Sesyon konsiltasyon ak enfòmasyon



Nan premye reyinyon nou ak ou, nou pral travay di pou nou konprann sitiyasyon ou e pou nou jwenn tout fason nou kapab ede w.

3

Yon manm nan pèsonèl MRC resevwa yon asiyasyon



Aprè nou finn pale avèk ou, nou pral decide kiyès nan MRC ki pral kontak prensipal ou. Li pral anchaj pou fè w jwenn sèvis ou bezwen yo.

Vizyon ak misyon

Komisyon Reyabilitasyon Massachusetts la (MRC) fè pwomosyon egalite, pouvwa ak endepandans moun ki andikape yo. Pou nou atenn objektif sa yo, nou amelyore e nou ankouraje chwa pèsonèl ak dwa pou reyisi oswa echwe nan pouswit endepandans ak travay nan kominote a.

MRC a bay moun ki andikape yo yon sèvis konplè. Sa kapab amelyore kalite lavi yo omaksimòm e sa kapab fè yo otonòm nan domèn ekonomik nan kominote a.

4

Lavi nan
kominote

Travay

Kalifikasyon pou moun ki
andikape jwenn avantaj

Pèsonèl MRC a egzamine tout
resous ki disponib yo



Gen anpil moun ki kapab nan MRC epi nou gen anpil patnè itil tou. Nou vin tounen ekspè nan travay ansanm tankou “yon sèl MRC” pou wè kijan nou kapab pi byen fè w jwenn sipò ou bezwen an.

5

Kreye objektif
yo ak travay yo



Ou pral fè pati ekip la depi premye jou a. Plan nou kreye avèk ou pral genyen etap ki klè e ki reyalis. Li pral plan ou, epi nou tout pral travay pou l vin reyalize.

www.mass.gov/mrc

1-800-245-6543

(Nimewo Telefòn gratis
nan Massachusetts sèlman)

6A

MRC vini avèk tout resous entèn apwopriye yo



Pandan n ap mete sou pye yon ekip ki kapab pi byen ede w, nou kapab revize tou faktè elijibilite medikal ak vokasyonèl ou pou nou wè si w elijib pou jwenn avantaj ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal la. Avantaj sa yo ede anpil moun ki andikape pran swen tèt yo pandan y ap travay pou atenn objektif yo.

6B

Patnè MRC yo bay sèvis adisyonèl yo

7

Pwogrè konsomatè ap fè pou atenn objektif yo



Etan w ap aprann nouvo teknik epi w ap devlope nouvo kapasite, ou ka reyalize ou bezwen mwens èd nan men MRC. Endependans ou se objektif prensipal nou. Annou reyalize l ansanm.

Kontinye nan lòt bò a

Bwochi sa a disponib sou fòm altènatif sou demann. Tanpri kontakte Direktè Maketing nou an nan 617-204-3651 oswa oswamarketing@mrc.state.ma.us avèk demann ou. Mèsi.

www.mass.gov/mrc

1-800-245-6543

(Nimewo Telefòn gratis
nan Massachusetts sèlman)



Commonwealth of Massachusetts